# НУР

6+



ISSN 0207-6551

10

2022



# Редакторым и псалъэ

Ди нур цIыкIу, уи Iэпкълъэпкъым фIыщIэ хуэпщIрэ? Ар уэ къодаIуэ: маплъэ, макIуэ, къофэ… Абы и пкъыгъуэхэм яхэтщ еши, зэпыуи, зыгъэпсэхуи имыщIэу жэщи-махуи пхуэлажьэхэр, уузыншэн папщIэ. АтIэ уэ пщIэрэ мы дунейм и плъыфи, и ми, и макъами, и Iэфlи зыхозыгъащIэр?

Уи щхьэращ! Аращ уи нэр зыгъаплъэр, узыгъэбауэр, Iэфl-дыджыр, макъхэр зэхэзыхур, узезыгъакIуэр, а псом ищIыIужкIэ – узыгъэгупсысэр! Ар щIэныгъэми ниджысыфакъым нобэм къэс. Къэралу хъуам дапхуэдиз ахъшэ трагъэкIуадэрэ щхьэм и «щэхухэр» къахутэн папщIэ!

Мы пIыгъ журналым уи Iэпкълъэпкъыр уигъэцIыхунущ,абы и пкъыгъуэхэм адыгэбзэкIэ я цIэхэр къыбжиIэнущ, нэхъ гурыхуэ, губзыгъэ узэрыхъу Iэмалхэм ухуригъэджэнущ.

Уи щхьэр пхъумэу, удын зытумыгъахуэу, уи нейронхэм зебгъэужьу упсэуну дыпщогугъ. ИтIанэ… хэт ищIэрэ, уэ дохутыр, биолог е антрополог Iэзэ ухъумэ, мы «Нур» цIыкIум къыпхуищIар уигу къэкIыжынщ.

## Сыхьэтым хуэдэу мэлажьэ

Iэпкълъэпкъыр – къупщхьэ зэрыхъэщ *(къупщхьэу 230 мэхъу),* ар Iэпкъынэ-лъэпкъынэу зэрытщ *(300),* лыджанэ телъщ *(650),* абы хуэ къешэкIащ, къуэпсхэр зэпхрокI, лъынтхуэхэмкIэ лъыр ирожэ, фэ къешэкIыжам а псор щIехъумэж икIи ехъумэ. Телъыджэкъэ атIэ апхуэдиз пкъыгъуэхэм я мэскъалхэмрэ *(38 триллион),* псантхуэ кIапсэхэмрэ *(зы сек. метри 100 я псынщIагъэу зежэу)* зэпымыууэ «зэгурыIуэу» зы Iэпкълъэпкъым зэрыщылажьэр! Абы ящыщ зыгуэрым и лэжьыгъэр зэпыуакъэ, – сыхьэтыр къутэу къызэрыувыIэм хуэдэу, цIыхур сымаджэ дохъу.

## Щхьэм ефIэкIын компьютер щыIэкъым

Щхьэр – Iэтащхьэщ, абы и пщыжыр – щхьэ куцIырщ. Аращ цIыхур цIыху дызыщIыр. Ар мэгупсысэ! Зы секундым абы и лэдэх зэлъахэм щызэхэзожэ «хъыбарзехьэ» мин бжыгъэхэр. ЩIэныгъэлIхэм къагуроIуэ щхьэм и лэжьэкIэм ефIэкIын компьютер къызэрамыгупсысыфынур! «Искусственный интеллект» зыфIащам иджыри зиужьынущ, ар куэдкIэ нэхъ псынщIэуи нэхъ губзыгъэуи лэжьэнущ, ауэ ар цIыхум и щхьэм зэи текIуэнукъым!

ИтIанэ… макъамэтх, усакIуэ, джэгуакIуэ «гъущI цIыхур» хъуфыну? ЕкIуу гушыIэфыну? Хьэуэ.

Техникэм зиужьыху лэжьапIэ IэнатIэхэм «гъущIхэр пэроувэ», цIыхухэр лей къохъу, ауэ абыхэм яхуэгъэзэщIэнукъым цIыхум и Iэзагъэмкlэ *(талантkIэ)* къигупсысу псэкIэ игъэхуэбэжа Iуэхугъуэхэр. СурэтыщIхэм, усакIуэхэм я пщIэр кIуэ пэтми нэхъ лъагэ хъужынущ!

## ЦIыху дызыщIар акъылыращ

ЦIыкIухэ, дэ псэущхьэхэм нэхърэ куэдкIэ дынэхъ губзыгъэщ. Дэ догупсысэ! Аращ дыщIэпсэлъэфри, дыщIэтхэри. Ауэ… сабийхэр фыдмыгъасэмэ, фыкъытхэту, фыкъыддэплъейуэ, флъагъур фщIэжу, фIымрэ емрэ зэхэфхуу фи гупсысэм зедмыгъэужьмэ, дауэ фыхъуну?.. Фигу къэвгъэкIыжыт Р. Киплинг и «Маугли» тхыгъэр. Мис аращ къыфщыщIынур.

*АтIэ, фигу ивубыдэ: гъэсэныгъэм пIалъи, мыхьэнэшхуи иIэщ!*

# Усэрыджэгу

*(Вгъэлъагъуэурэ фыкъеджэ. Ди Iэпкълъэпкъым и зэхэлъыкIэр нап. 8-9-м тетщ.)*

Сэри силэ, уэри уиIэ,
Нэи, пэи, Iэи диIэ.
Напи, Iупи, Iэпи диIэ,
Хьэби, ныби, лъаби диIэ.

Сэри силэ, уэри уиIэ,
Нэгуи, Iэгуи, лъэгуи диIэ.
Пщэи, пкъыи, бгыи диIэ,
Фэи, лыи, къупщхьи диIэ.

Сэри силэ, уэри уиIэ,
Нэпкъи, пэпкъи, жьэпкъи диIэ.
Iэпкъи, куэпкъи, лъэпкъи диIэ,
Псантхуи, лъынтхуи, хуэи диIэ.

Сэри силэ, уэри уиIэ,
Гупсысэфу щхьэи диIэ.
Къэвэрейуэ бзэгуи диIэ,
Дришхэфу дзэи диIэ.

Сэри силэ, уэри уиIэ,
Мази, дыгъи, уафи диIэ.
Мэзи, псыхъуи, пшахъуи диIэ,
Дуней инми дэ дыриIэ!



## Жэщтеуэ

Нэр мэупIэрапIэ,
ПщIыхьым семыплъыф.
Iупэр мэпIэжьажьэ,
Псалъэ жызмыIэф.
Щхьэр мэундэрабжьэ,
ПIэм сыкъемыхыф…
Iэр мэIэбэрабэ,
Пэшыр сыту кIыфI!

Сох, солъэпэрапэ,
Лъапэр сымычыф…
Си гур къызодауэ:
«Уарэ! Щхьэ учэф?»
Къэсу, уфэразэу,
ДаIэ, мамэ, IэфI?!
Ар щыубзэрабзэр,
Си псэм сыту фIэфI!

Зыгъэхьэзырар **АБРОКЪУЭ Беллэщ**



# ЩХЬЭ КУЦІЫР ЗЭРЫЛАЖЬЭР

Нур цІыкІу, зым щыщІэдзи пщІым нэс дэбжейт. Иджы уи ІитІыр, уи лъакъуитІыр гъэхъейт, къафэт.

Дапхуэдэу уи Іэпкълъэпкъыр зэрыбгъэдаІуэр? Егупсысыт…

Ар зи лэжьыгъэр уи щхьэ куцІыращ! Мы сурэтым абы и зэхэлъыкІэр уегъэлъагъу.



Щхьэ куцIым уи Iэпкъылъэпкъым унафэ хуещI, и псантхуэхэмкIэ пкъыгъуэхэм хъыбар ярегъащIэ. Ар абыхэм къазэрыIэрыхьэу, хъыбарыр щхьэ куцIым хурагъэхьыж.







*КЪАШЫРГЪЭ Фатимэ*

*IуэрыIуатэ*

# ХЪУМПIЭЦIЭДЖ ГУБЗЫГЪЭ

Зы ЛIы гуэр гъуэгу тету здэкIуэм, гуэдз хьэдзэ зыхь ХъумпIэцIэджым IущIащ.

– Мыр сыт, ХъумпIэцIэдж, мы плъэфыр?

– Шхын солъэф.

– АтIэ, уи щхьэр щхьэ апхуэдизу гъум?

– Акъыл илъщи.

– АтIэ, уи плIэр щхьэ бгъуэ?

– Къару схэлъщи.

– АтIэ, уи бгыр сыту псыгъуэ?

– МащIэ сошхри.

– АтIэ, мы гуэдз хьэдзэр сыт хуэдизкIэ урикъуну?

– ИлъэситIкIэ.

ЛIым ар и фIэщ хъуртэкъым. Згъэунэхунщ жиIэри ХъумпIэцIэджымрэ гуэдз хьэдзэмрэ унэм къихьщ, кхъуэщыным ирилъхьэри и щхьэр игъэбыдэжащ.

Илъэс дэкIащ.

ИлъэситI дэкIащ.

Илъэсищ дэкIащ.

Илъэс еплIанэр и зэхуэдитIым фIэкIауэ лIым игу къэкIыжащ ХъумпIэцIэджыр. Кхъуэщыныр къищтэщ, и щхьэр Iуихщ, Iэнэм триIубэри, ХъумпIэцIэджым щIыгъуу гуэдз хьэдзэ ныкъуэр къихужащ. ЛIым ар телъыджэ щохъу:

– Мыр дауэ, гуэдз хьэдзэр илъэситIтэкъэ узэрырикъуну жыпIар? Гуэдз ныкъуэм фIэкIа щхьэ умышхарэ?

– Си щхьэм акъыл илъти аращ. Уэ илъэсиплIым нэскIэ гъэру сыпIыгъащ, ар илъэситIым сшхыжамэ, силIыхьатэкъэ уи гъэрэщым.

ЛIыр укIытащ... ХъумпIэцIэджыр иутIыпщыжащ.



# Ди нейронхэр

Щхьэ куцIым псантхуэ мэскъалу миллардым щIигъу иIэщ. Абыхэм **нейронкIэ** йоджэ. НейронщIэжхэм **дендриткIэ** йоджэ. КъищынэмыщIауэ, абы зы **аксон** иIэщ. Дендритым хъыбар къыIэрыхьэр аксоным нэгъуэщI нейронхэм яхурегъэхьыж. Жыжьэ щыIэхэм ялъэIэсын папщIэ, абы и кIапэ цIыкIур метрэ хуэдизкIэ иукъуэдиифынущ. Ахэр псори зэхэзэрыхьыну уи гугъэ? Хьэуэ.

Еплъ мы аксонхэм! Зы нейроным и лъагъуэм утетурэ адрейхэм я деж унэсмэ, къэпщIэнущ абы нахьэсыр **зэры...**






КЪАШЫРГЪЭ Фатимэ

# Ди Iэпкълъэпкъыр

*(Нэпкъпэпкъым и зэхэлъыкIэр «Нур» № 8, 2021 гъ. тетщ)*









*КЪАМБОТ Марианнэ*



АБРОКЪУЭ БЕЛЛЭ

# АКЪЫЛЫМРЭ КЪАРУМРЭ

**Япэ теплъэгъуэ**

***Хэтхэр:***
**Тет*; ЦIыху; Аслъэн; Дыгъужь; Бажэ; ТхьэкIумэкIыхь; Жьынду; мэз псэущхьэ зыбжанэ**

***Тетым:*** Псэущхьэу къэзгъэщIам псэупIэхэр фхузогуэш:

бдзэжьейм – псыр, къуалэбзум – уэгур, хьэкIэкхъуэкIэм – щIыр, хьэпщхупщым – щIы щIагъыр. Мы насып чысэр фызыхуейм лъывгъэс, сэ зэхэгъэж сиIэкъым.

**Псэущхьэхэм** *(зы жьэу):* Сыт абы илъыр?

***Тетым:*** Акъылымрэ къарумрэ.

*Чысэр яхуегъэтIылъри Тетыр йокI.*

**Аслъэным** *(чысащхьэр етIатэ, илъыр зэпеплъыхьри, къарур игу ирохь):* Мыр сэ къызощтэ. Мыдрейр хэт зэттынур? – егъэпIий акъылыр.

*Псэущхьэхэр зоплъыж, Iупщlэ ящI зэрамыпэсу.*

**Дыгъужьым:** Нэхъ тхьэмыщкIэм псапэу ети, пыкI.

**Аслъэным** *(псэущхьэхэм яхоплъэри ЦIыхум и нэр треубыдэ):* Уэр нэхъ тхьэмыщкIэ слъагъукъым. Хэт мэлъатэ, хэт йорс, хэт жэрщ, хэт шэрэз иIэщ, хэт щIы щIагъым зыщегъэпщкIу. Уэ зыращ зыри зимыIэри, мэ акъылыр, уи щхьэ ирипхъумэжынщ.

**Жьындум** *(и нэр къерегъэжри жыг къудамэм къокIуэх):* Ущымыуэ, Аслъэн, цIыхум акъылыр лъысмэ, дыпэлъэщыжынукъым.

**Бажэм:** Езыр тшхыным и пIэкIэ дэ дишхынущ.

**Псэущхьэхэм:** Пэжщ, пэж хъунщ! Ар нэгу зэIухакъым. Ар ауаныщIу маплъэ! *(ЗэрогъэкIий.)*

**Аслъэным:** Мо къупщхьэ зэрыхъэра* фызыщышынэр? *(Мэдыхьэших мэзыр къигъэдаIуэу.)* А фасикъым фи жагъуэ къезгъэщIын фи гугъэрэ? ЛъэбжьанэпэкIэ лыIу-лыIуу* фхузэIысхмэ, фхуэшхынкъэ? Къарум нэхъ лъэщ щыIэкъым, ар сэ къысхуэнащ!

**Псэущхьэхэм** *(гуфIэу зэрогъэкIий):* ИугъащIэ ди Аслъэным! ИугъащIэ мэз пащтыхьым! ИугъащIэ къару лъэщым!

*ЗэрыгъэкIийуэ утыкум йокIхэ,*
*Аслъэныр япэ иту, яужь дыдэ къина ЦIыхур ауаныщIу пыгуфIыкIыу.*
*Ар чысэм йоплъэ, пэшым щIэсхэм нащхьэ яхуещIри Iэпхъуамбэшхуэр яхуегъэпIий: «Уо!».*
*Iупхъуэ*



* ***Тет*** – псэущхьэхэм я тхьэ.
* ***Къупщхьэ зэрыхъэ*** – скелет.
* ***ЛыIу-лыIуу*** – Iыхьэ-Iыхьэу.



**ЕтIуанэ теплъэгъуэ**

***Хэтхэр а псэущхьэ дыдэхэрщ***

Жыг къудамэм Жьындур тесщ, Аслъэныр ищIагъым кIэщIэлъщ. Абы къуацэчыцэ макъ къызэхех, иIыгъ къупщхьэшхуэр и пащхьэм илъ дыщэ фалъэм иредзэри мэдаIуэ.

**ТхьэкIумэкIыхьым** *(кIэзызу, гъынанэу):* Дипщ, ди дотэ лъапIэ, дыкъегъэл!

**Аслъэным:** Сыт къэхъуар, Iупэ дыкъуакъуэ? Хэт укъезыхужьар?

**ТхьэкIумэкIыхьым:** Уэ акъылыр зылъыбгъэса ЦIыхум псэупIэ къыдиткъым. Абы къапхъэнкIэ дыкъеубыдри дешх: къытщыж!

**Жьындум** *(жыгым къоплъых и нэр къижу):* Си нэкIэ слъэгъуащ! Си нитIкIэ слъэгъуащ!

**Аслъэным** *(къупщхьэр зэпеплъыхь, йогъу):* Iэу, нтIэ абыи зыгуэр ишхын хуейкъэ! КIуэ, зэран умыхъу, сэ сшхар согъэтIыс. *(Ину мэхущхьэ.)*

*ТхьэкIумэкIыхьыр гъынанэу йокIыж.*

**Жьындум:** Сэ сщIэт ар, сэ сщIэт…

*Бажэм и кIапэр щIым трилъафэу къохьэ.*

**Бажэм** *(убзэу, Iущащэу):* Тхьэ лъапIэм и нэфI зыщыхуа Дипщ, Iыхьы-Iыхьы… псори зэфыгъуэу зыми емыфыгъуэж Дотэ фIэрафIэу щхьэцыфIэ, Iыхьы-Iыхьы… уи пщIыхьэпIэфIхэм узэрезмыгъэплъыр сигу къоуэ, ауэ гузэвэгъуэ щIыIэм сыкъыпхуишащ.

**Аслъэным** *(и нэ лъэныкъуэмкIэ абы къыхущIоплъ):* Сыт уэри, кIэ бацэ, си бжэIупэр упхъэнкIыу укъыщIэкIуар? Уэри ЦIыхур къыптегушхуэрэ?

**Бажэ:** Леишхуэ къытлъос, зи щIыхьыр ин. Абы дыкъеубыд, ди фэр треудри джэдыгу ещI.

**Жьындум:** Си нэкIэ слъэгъуащ, си нитIкIэ слъэгъуащ!

**Аслъэным:** Пу, аллаурсын, а куэпкъ псыгъуэ-щхьэ мыгъуэм къигупсыса гуэрыр елъ!

**Жьындум:** Ар щхьэ мыгъуэжкъым, зиусхьэн. Абы уэ акъыл ептащ.

**Аслъэным:** Умыгузавэу кIуэж, сэ сыхурикъунщ абы. Бажэр йокI, Дыгъужьыр къохьэ.

**Дыгъужьым:** Зиусхьэн, дыгъуэгъуурэ ЦIыхум акъылыр ептащ. Иджы дыпэлъэщкъым: Iэщыр зыIэщIиубыдащ, дигъэшхкъым. ДызэтолIэкIэ тхьэ соIуэ дыгъужь лъэпкъыр. Ди шынэхъыщIэ хьэхэри игъэсауэ къыдеуштыж, Iэгъу!

**Жьындум:** Си нэкIэ слъэгъуащ. Си нитIкIэ слъэгъуащ!

**Аслъэным** *(губжьауэ Жьындум хуолъ):* Уэ уи нитI къицIыщхъукIым зы хъун ялъагъункъым. ЗыIуегъэх адэ!

Жьындум и дамэхэр ищIу, къызэплъэкIыу «мэлъэтэж».

**Аслъэным:** Си пащIитIымкIэ тхьэ пхузоIуэ, Щхъуэжь, сэ абы хуэфI сыхъункIэ!

**Аслъэным** *(кIуэм-лъэуэрэ ЦIыхур къелъагъу. Пабжьэм хэсу тэлайкIэ кIэлъоплъ. ЦIыхум пхъэхкIэ пиха жыгым и къудамэхэр джыдэкIэ къыпеуд):* Мы Iэбжьанэншэ Iэпэ мастэм мэзри зрилъэфэлIэну и мурад мыгъуи? Гъуэзыр къыпхезмыгъэхмэ, си тхьэрыIуэщ! *(И щIыбымкIэ жьэхохьэ гъуагъуэу.)* СлIо, хьэмэ къилъхуа, уэ хьэкIэкхъуэкIэр щIызэтебукIэр?! Мы мэзыр къыщIэбгъэауэри сыт?! Иджыпсту узэпкърызудынщи уи пкъынэлынэр* къуалэм яхуиспхъыжынщ, узыхуейрамэ!



* ***Пкъынэлынэ*** – Iэпкълъэпкъым и пкъыгъуэхэр.



**ЦIыхум** *(ауанышцIу къызоплъэкI):* Уа, сыту уаслъэн делэ-тIэ уэ!

**Аслъэным** *(и фIалъэмкIэ зытрешащIэ):* Сэра делэр?! Сэ усшхынущ! Уэ ущыIэжкъым, къыбгурыIуа?!

**ЦIыхум** *(шынауэ фэ теткъым):* Хьунщ, ауэ итIанэ дауэ уззэрыпсэун уи гугъэр? Уэ пащтыхьышхуэм бийуэ уиIэр дапхуэдизми пщIэжрэ езым? *(Чыцэхэм къыхэплъхэмкIэ и Iэпэр еший.)* Мыщэм бжьэр ежэмэ, иращIэр уощIэ. Уи бий къомыр зэуэ къожэмэ, уи къару закъуэмкIэ уапэлъэщын уи гугъэ?

**Аслъэным** *(Iэнкун къэхъури пхэщIкIэ тIысащ):* Сэ абы зэи сегупсысакъым. Ар дауэ?

**ЦIыхум:** Зи дауэращ. Уэ бийхэм укърахужьэ хъумэ, ахэр зыпэмылъэщын гъэпщкIупIэ ухуейкъэ? Уэ сыпшхмэ, хэт быдапIэ пхуэзыщIыжынур?

**Аслъэным** *(и щхьэм щIотIахъуэ):* Тхьэм уигъэпсэу! ЩIы, нэхъ быдэIуэу щIы уэ!

*Зегъазэри йокI.*

**Жьындум** *(и дамитIыр гуих-гуилъхьэу,и нэкIум хуихьу, щэхуу):* Еу-уей, еу-уей! Еу-уей, гущэ…

**ЦIыхум** *(жыгыр утыкум ирелъэф, гуэн кърелъафэ.Абы уадэкIэ йоуэ, йопэщэщ. ИтIанэ мэгуо):* Уэхьэхьей, Аслъэн!

*Аслъэныр къохьэ.*

**ЦIыхум:** Дауэ къыпщыхъурэ уи быдапIэр, ди Аслъэнышхуэ? Мыбы уису зыгуэр къыппэлъэщыну?

**Аслъэным** *(игу ирихьу):* Уэлэхьэ, къыспэмылъэщыну.

**ЦIыхум:** Къихьи еплъыт тыншрэ мытыншрэ.

*Аслъэныр гуэным ипщхьащ.*

**ЦIыхум:** Еууей! ЦIыкIуIуэ хъуащ, уи кIэр къощ.

*Аслъэным и кIэр зыкIэщIеупщIэ, ЦIыхум гуэныбжэр егъэбыдэж.*

**ЦIыхум** *(дыхьэшхыу):* Дауэ къыпщыхъурэ уи быдапIэр? Быдэкъэ?

*Аслъэныр адэкIэ йоуэ, мыдэкIэ йоуэри пэлъэщыркъым.*

**Аслъэным:** Уэлэхьэ, быдэу пщIам!

**ЦIыхум:** Быдэу сщIамэ, ис иджы быдэу! Уэ уи гугъат къарум нэхъ лъэщ щымыIэу! Сыт абы иджы и сэбэпыжыр?

**Аслъэным** *(къыгурыIуащ акъылыр къызэрытекIуар, гъуахъуэу):* Уэиихь, ЦIыхум сеукI! Сыкъевгъэ-э-эл!

*Псэущхьэхэр адэкIэ-мыдэкIэ къыкъуож, гузавэ хуэдэу защI.*

**Бажэм** *(къахож и кIэр иудэу):* Тхьэ сымыщIэ дэ уэ пщэцыжьым пхуэтщIэжыфынур. Уэ къыптекIуам дэ дыпэлъэщыжын? *(ЦIыхум и дежкIэ зегъазэ.)* ИугъащIэ цIыхум!

**Псэущхьэхэм** *(зэрыгъэкIийуэ, зэкIэлъхьэужьу йокI):* ИугъащIэ цIыхум! ИугъащIэ акъылым! ЦIыхум нэхъ пщы щыIэкъым, акъылым нэхъ лъапIэ щыIэкъым!

**Дыгъужьым** *(зызэхуешэ):* Акъыл зиIэм и хьэм дыкъеших!

**Жьындум** *(хъарым бгъэдолъатэ):* СщIэт ар сэ! ЖысIат ар сэ!

**Аслъэным:** Ухъ-хъ-хъ!

*ЦIыхум пэшым щIэсхэм нащхьэ яхуещIри йокIыж, псэущхьэхэм хъарым ис Аслъэныр якIэлъогъуахъуэ.*



# ГЪЭЩІЭГЪУЭНЩ ДОХУТЫРХЭМ ГУ ЗЫЛЪАТАР

*(«Нур» № 8, 2017 гъ. еплъ)*

Ди Іэпкълъэпкъым и пкъыгъуэхэм ещхь, я хущхъуэ къэкІыгъэхэр.



**Шыгъулды – черника.**
Нэм фІыуэ илъагъунымкІэ сэбэпщ.





**Іэгъэбэгу – грибы.**
Іэгъэбэгур сэбэп хуохъу тхьэкІумэм фІыуэ зэхихынымкІэ.





**Сэнджэфибл – имбирь.**
КІэтІийр тыншу егъэлажьэ, лъатэм шхыныгъуэр нэхъ псынщІэ щещІ.





**Іэпэзэкъуэт – банан.**
Къупщхьэ зэрытыпІэхэмкІэ, ахэр зэзыпх пкъынэпсхэр мыгъущынымкІэ сэбэпщ.





**Къыцэ – персик.**
ЦІыхум и фэр зэмылъэу, щІалэу нэхъыбэрэ щытынымкІэ сэбэпщ.





**Нары – гранат.**
Лъыр егъэкъабзэ, ар зи мащІэм и хущхуэгъуэщ.





**Къуэн – петрушка.**
Къуэныр фІыуэ ялъагъу бзылъхугъэхэм: абы щхьэцыр зэщІэжу, дахэу къегъэкІ.



ТЕМЫРКЪАН Аминэ



# Нейрон щыкIухэм зызэблахъу

Уэ гурыхуэ узыщIыр уи нейрон цIыкIухэм я псынщIагъэрщ. Ахэр щхьэ щIэлъэныкъуитIым я зэхуакум щызэблож. Зым икIыу адрейм нэхъ псынщIэу нэсыху, щхьэр нэхъыфIу мэлажьэ. АтIэ уэ губзыгъэ узыщIыну Iэмалхэм дэ уедгъэсэнщ. Умыщхьэхмэ – уехъулIэнущ. ДакъикъипщI къудейщ абы ихьынур.

## Бэрэбэнауэ

*Бэрэбэнауэхэм я щхьэ куцI щIэлъэныкъуитIыр фIыуэ зэдолажьэ. Дауи, абы я Iэ, я лъакъуэм къалэн зэхуэмыдэхэр зэуэ ягъэзащIэ. Абыхэм зызэрагъэасэр мыпхуэдэущ:*

Уи зы Iэмкlэ уи ныбэм хъурейуэ утолъэщIыхь, адреймкIэ уи щхьэм утоуIуэ *(IитIри зэуэ зэдэлэжьэн хуейщ)*. ДакъикъитIху дэкIмэ, уи Iэхэр зэблэхъу.

Махуэ къэс дакъикъитху-пщIы хуэдизкIэ апхуэдэу улажьэмэ, зыхэпщIэу уи нейрон цIыкIухэр куэдкIэ нэхъ жыджэру лэжьэнущ.



## Жьыхулъатэ

Ущысщ. Ужьыхулъатэу къызыщыгъэхъу... Зэуэ уи лъакъуитIри бгъэлэжьэн хуейщ. ЗымкIэ лъэгум утету ижьымкIэ екIуэкIыу хъурей итхъэ, адрейр къэIэти сэмэгумкIэ егъэкIуэкI.

Мыпхуэдэуи пщIы хъунущ:

*Лъакъуэкlэ плIимэ – IэкIэ хъурей.*
*Лъакъуэкlэ щимэ – IэкIэ плIимэ.*
*Лъакъуэкlэ хъурей – IэкIэ щимэ.*

## И щхьэр ищlагъыу укъеджэу зыгъасэ

Уи пащхьэ илъ тхылъ зэгуэхар зэгъэдзэкl *(и щхьэр ищlагъыу)*, абы къеджэ. Псынщlэеджэ ухъуху зыгъасэ. Гъэщlэгъуэнщ икlи хуабжьу щхьэпэщ.



## lтlымкlи къэтхъыхь

Плъыжь етхъыхар – курыхщ. Сэмэгу лъэныкъуэр lэ сэмэгум, адрейр – lэ ижьым ейщ. Зэуэ lитlымкlи итхъэ, тхы, сурэт щlы.



*Мы lэмалхэр бгъэзащlэу зебгъасэмэ, зыхэпщlэу нэхъ губзыгъэ ухъунущ.*

# ДИ ПКЪЫГЪУЭХЭМ Я ПСАЛЪАЛЪЭ

*(Нап. 8-9-м тет сурэтхэм мыкIуа IэпкълъэпкъыцIэхэр)*

Дамэ – плечо.
Джий – горло.
Дзажэ – рёбра.
Дзажэдакъэ – основание ребра.
Жьэлъэтlанэ – защёчная пазуха.
Жьэпхъэбгъу, жьэ къупщхьэ – челюсть.
Жьэпкъыпэ – подбородок.
Лыпцlэналъэ – мышца.
Лъапэ – носок.
Лъащхьэвэ – подъём стопы.
Лъащхьэдий – кости предплюсны.
Лъащхьэзэрытыпlэ – голеностопный сустав.
Лъэгуажьэтес – коленная чашка.
Лъынтхуэ псыгъуэ – капилляр.
Нэжьгъпэжьгъ – средняя часть лица.
Нэзэрыхъэ – висок.
Нэпкъпэпкъ – черты лица.
Пщэгурыгъ, пщэкукъу – шейные позвонки.
Пщэдыкъ – задняя сторона шеи.
Тхыцlэ – спина.
Тхыlупщlэ – позвонок.
Тхыцlэкlапэ – крестец.
Щхьэкупцlапцlэ – темя.
lэгу – ладонь.
lэкlэн – локтевая кость.
lэпкъынэ-лъэпкъынэ – суставы.
lэпщэ – запястье.
lэдакъэ – часть ладони у запястья.
lэщхьэ – предплечье.
lупщlакlэ – уголки губ.

Зыгъэхьэзырар **_КЪАМБОТ Мариннэщ_**

# Зэвгъапшэ



Щхьэ куцIым и купщIэ (клетка)



Хьэршым щыщ Iыхьэ



КупщIэм и къэхъукIэ



Вагъуэм и кIуэдыжыгъуэ



ЦIыхум и нэ



Вагъуэзэбын



Мы QR-кодым уи телефоным и камерэр тегъапсэ, «Нурым» и интернет-напэкIуэцIым ихьэ, къызэIуих лэжыгъэхэр гъэзащIэ.




*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается С 1 января 1982 года

№ 10 2022 г.

Учредитель: Государственое казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

**Главный редактор**
*Б. М. АБРОКОВА*

**Художественный редактор**
*М. ХАЛИЛОВА*

Редактор
*М. КАМБОТОВА*

Компьютерная вёрстка
*И. РАСТОРГУЕВОЙ*

**Корректор**
*Ф. КАШИРГОВА*

**Редакционный совет:**
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г

Подписано к печати 22.09. 2022 г.
Выход в свет 20.10. 2022 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak, DrunkC, AdLibBT
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 1280 экз.
Заказ №2043
Индекс П5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес. – 91,14 руб.

Адрес редакции: 360000, Нальчик, пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.